



**Nimewo Klasifikasyon.: 1000.32**

**Dat Apwobasyon: 07/28/2011**

**Administratif**

**Mizajou: 11/03/2023**

## **Dekrè Òdonans**

### **Dekrè EPA 1000.32 sou Konfòmite ak Dekrè Egzekitif 13166: Amelyorasyon Aksè ak Sèvis pou Moun ki gen Metriz Limite nan Anglè**

#### **I. OBJEKTIF AK OTORITE**

Objektif Dekrè aktyalize EPA a sou Metriz Limite nan Anglè a (LEP) se pou kontinye amelyore dispozisyon EPA a sou bon jan aksè ak pwogram, aktivite, ak sèvis EPA yo pou moun ki gen LEP yo. Dekrè LEP sa a pral ranplase aktyèl Dekrè EPA LEP 1000.32, ki te pibliye nan mwa Fevriye 2017 la. Dekrè LEP sa a dekri machaswiv yo, selon Tit VI nan Lwa 1964 sou Dwa Sivil yo<sup>1</sup>, règleman aplikasyon ak dokiman oryantasyon, ak Dekrè Egzekitif 13166 (EO 13166)<sup>2</sup>. Tit VI la entèdi diskriminasyon entansyonèl ak efè diskriminasyon sou baz ras, koulè, oswa orijin nasyonal, ki gen ladan moun ki gen metriz limite nan Anglè, pa benefisyè asistans finansye federal la. EO 13166 egzije ajans federal yo pou devlope ak aplike yon plan pou bay sèvis pou moun ki gen LEP ak pou asire bon jan aksè ak pwogram ak aktivite ajans federal yo reyalize yo. Dekrè LEP EPA a defini atant EPA yo ak kondisyon pou asire konfòmite Ajans lan ak EO 13166.

Nan dat 21 Novanm 2022, Pwokirè Jeneral Merrick B. Garland te pibliye “Memorandòm pou Amelyore Aksè ak Sèvis pou Moun ki gen Metriz Limite nan Anglè.”<sup>3</sup> Memorandòm nan dekri yon plan aksyon pou ajans federal yo pou amelyore, modènize, ak asime responsablite aksè nan lang selon EO 13166.

Memorandòm nan mande pou ajans federal yo revize pratik ak politik sou aksè nan lang yo pou ranfòse angajman gouvènman federal la pou moun ki gen LEP yo. Apre inisyativ sa a, EPA te revize epi aktyalize politik ak pratik li yo.

Dekrè LEP sa a respekte politik EPA a ki se responsablite EPA pou kominike yon fason efikas ak moun ki gen LEP yo ak pou bay bon jan aksè ak pwogram, aktivite, ak sèvis Ajans lan. Si yo pa bay sèvis asistans lang yo nan moman ki apwopriye a sa kapab fè gen konsekans ki anpeche bon jan aksè pou moun ki gen LEP yo nan pwogram, aktivite, ak sèvis EPA yo ki aksesib pou moun ki metrize Anglè yo.

<sup>1</sup> Gade Tit VII nan Lwa 1964, 42 sou Dwa Sivil yo U.S.C. 2000(d) *et seq.*

<sup>2</sup> Gade <https://www.gpo.gov/fdsys/pkg/FR-2000-08-16/pdf/00-20938.pdf>.

<sup>3</sup> Gade <https://www.justice.gov/file/1553196/download>

Dekrè LEP sa a dekri fason pwogram EPA a ak biwo rejyonal yo pral aplike EO 13166 la. Epiou Dekrè LEP a soulinye diferan apwòch pou amelyore sansiblizasyon nan kominote ki gen LEP yo ak pou idantifye moun ki responsab pou devlopman ak aplikasyon politik, gid, ak pwosedi ki lye ak LEP yo.

Dekrè LEP sa a la pou amelyore jesyon entèn pwogram aksè lang EPA a, epi li pa kreye okenn dwa oswa avantaj, sibstansyèl oswa pwosediral, ki aplikab nan dwa oswa ekite pa yon pati kont Etazini, ajans li yo, responsab oswa anplwaye li yo, oswa nenpòt moun. Lefètke dokiman sa a la pou jesyon entèn pwogram aksè lang EPA a, li pa la pou yo envoke l nan okenn pwosedi jidisyè oswa administratif. Administrasyon pwogram yo diskite sou yo isit la nan sèl diskresyon EPA ak konpozan li yo.

## II. DEKLARASYON POLITIK

### Angajman pou Bon Jan Aksè

EPA pran angajman pou bay moun ki gen LEP yo bon jan aksè ak pwogram, aktivite, ak sèvis EPA yo.

EPA pran angajman pou kenbe pwomès EO 13166 la, ki aplikab depi lane 2000. Plan Estratejik *Ane Fiskal 2022-2026 EPA* <sup>4</sup> apwofondi angajman EPA a pou pwoteje sante moun ak anviwònman an pou tout moun, pandan l ap mete aksan sou kominote ki istorikman akable e ki pa byen desèvi yo, ki enkli kominote ki gen LEP. Plan Estratejik EPA a gen ladan yon nouvo objektif san parèy ki baze sou pwomosyon jistis anviwònmantal ak dwa sivil yo. Objektif Plan Estratejik 2 a: *Pran Aksyon Desizif pou Fè Pwomosyon pou Jistis Anviwònmantal ak Dwa Sivil yo*, ki gen ladan jistis anviwònmantal ak priyorite dwa sivil yo ki entegre nan tout objektif pwogramatik Plan an ak estrateji entè-ajans yo. Estrateji sa yo, tankou, Objektif 2.2: *Entegre Jistis Anviwònmantal ak Dwa Sivil yo nan Pwogram, Politik, ak Aktivite EPA yo*, ki soutni pa objektif pèfòmans alontèm yo, ki gen ladan yon objektif ki egzije tout pwogram ak biwo rejyonal yo pou aplike plan asistans lang pwogram nan epi ki adapte ak rejyon yo pou asire ke tout EPA konsidere aksè lang nan tout pwogram, aktivite, ak sèvis yo, ki gen ladan sila yo ki lye ak angajman kominotè ak sansiblizasyon.<sup>5</sup>

Angajman EPA sa yo pou bay bon jan aksè pou moun ki gen LEP yo enkli tou nan Plan Daksyon Ekite EO 13985 EPA a, Priyorite 3: *“Devlope kapasite entèn EPA a pou angaje kominote ki pa byen desèvi yo epi aplike pwosesis ki klè e ki responsab pou aji selon kòmantè kominotè yo.* Plan sa a espesifikman egzije EPA pou devlope ak amelyore kapasite ak konpetans li pou byen angaje ak aktè yo nan kominote yo pa byen desèvi yo ak pou ranfòse asistans lang EPA a ak lòt sèvis pou asire aksè pou moun ki gen LEP yo, ki gen ladan pandan y ap devlope ak aplike plan asistans lang yo pou chak pwogram ak rejyon epi bay fòmasyon nan tout EPA a sou bon jan aksè.<sup>6</sup> Dekrè Egzekitif 14091, ki te pibliye nan dat

<sup>4</sup> Gade Plan Estratejik Ane Fiskal [2022-2026 EPA](#)

<sup>5</sup> Gade Plan Estratejik Ane Fiskal 2022-2026 EPA a nan paj 33 (“Anvan 30 Septanm 2026, tout pwogram ak rejyon EPA yo pral aplike plan asistans lang pwogram nan epi ki adapte ak rejyon yo.”).

<sup>6</sup> Gade [Plan Daksyon Ekite](#) EO 13985 EPA a: *Fè Pwomosyon pou Ekite Rasyal ak Sipò pou Kominote yo Pa Byen Desèvi yo Atravè Gouvènman Federal la* (20 Janvyè 2021), ak EO 14091: *Plis Fè Pwomosyon pou Ekite Rasyal ak*

16 Fevriye 2023 a, *Ki Vize pou Fè Pwomosyon pou Ekite Rasyal ak Sipò pou Kominote yo Pa Byen Desèvi yo Atravè Gouvènman Federal la*, li ranfòse prensip ekite EO 13985 yo epi li egzije ajans federal yo pou evalye politik ak pwogram yo genyen yo pou asire ke yo pa kenbe menm baryè yo pou kominote yo pa byen desèvi yo, ki gen ladan kominote ki gen LEP yo.

EPA pran angajman tou pou bay bon jan aksè pou moun ki gen LEP yo nan kominote Ameriken Azyatik yo, Natif Awayen, ak kominote Zile Pasifik yo (AA ak NHPI) pandan y ap adopte EO 14031: *Fè Pwomosyon pou Ekite, Jistis, ak Opòtinite pou Ameriken Azyatik yo, Natif Natal Awayen, ak Pasifik (3 Jen 2021)*. Sa a gen ladan amelyorasyon sèvis aksè nan lang yo pou asire ke kominote AA ak kominote NHPI ki gen LEP yo ka jwenn aksè ak pwogram, aktivite, ak sèvis EPA yo, ak entegrasyon estrateji pandan devlopman plan LEP yo pou ogmante kolaborasyon ant AA ak NHPI yo ant sektè piblik ak sektè prive a, ak patisipasyon enplikasyon kominotè.

### III. APLIKABILITE

Politik, pwosedi, ak responsablite Dekrè LEP sa a aplike ak tout pèsonèl EPA a, ki gen ladan moun k ap travay nan non yo, tankou kontraktyèl k ap travay nan etablisman EPA yo.

### IV. DEKRÈ EGZEKITIF 13166

Nan dat 11 Out 2000, Prezidan an te siyen Dekrè Egzekitif 13166 (EO 13166), *Amelyorasyon Aksè ak Sèvis pou Moun ki gen Metriz Limite nan Anglè Exec.* Dekrè Nimewo 13166, 65 Fed. Reg. 50,121 (16 Out 2000). EO 13166 la òdone ajans yo pou devlope ak aplike yon plan pou “amelyore aksè ak pwogram ak aktivite ki reyalize nan nivo federal la pa moun LEP ki elijib yo.” Genyen de kategori prensipal nan pwogram oswa aktivite ki reyalize nan nivo federal la ke EO 13166 kouvri: (1) aktivite ki enplike kontak piblik jeneral la nan kad operasyon ajans kontini yo, epi (2) pwogram ki dirèkteman administre pa yon ajans pou benefisyè ak patisipan yo nan pwogram nan.

Pou fasilite konpreyansyon EO 13166 la, Depatman Jistis la, an kowòdinasyon ak lòt ajans federal yo, te devlope [www.lep.gov](http://www.lep.gov), ki se yon resous ki la pou ede ajans federal yo ak benefisyè asistans finansye federal yo pou bay bon jan aksè pou moun ki gen LEP yo.

### V. GID LEP EKSTÈN EPA A

Pou asire ke benefisyè asistans finansye EPA a respekte EO 13166 la, nan dat 25 Jen 2004 la, EPA te pibliye *Gid pou Benefisyè Asistans Finansye Ajans Pwoteksyon Anviwònman la Konsènan Entèdikasyon Tit VI a Kont Diskriminasyon sou Orijin*

---

*Sipò pou Kominote Yo Pa Byen Desèvi yo Atravè Gouvènman Federal la* (16 Fevriye 2023) nan <https://www.federalregister.gov/documents/2023/02/22/2023-03779/further-advancing-racial-equity-and-support-for-underserved-communities-through-the-federal>.

*Nasyonal Kap Afekte Moun ki Gen Metriz Limite nan Anglè yo*<sup>7</sup>. Gid la te bay yon kad jeneral ke benefisyè EPA yo kapab itilize pou bay bon jan aksè pou moun ki gen LEP yo. Kèk nan sijè yo te kouvri nan Gid la te gen ladan yon apèsi sou fason pou fè yon evalyasyon pèsonalize pou detèmine nivo obligasyon benefisyè a pou bay sèvis LEP yo ak enpòtans pou devlope pwòp plan aplikasyon LEP benefisyè a pou abòde bezwen yo idantifye nan popilasyon LEP yo sèvi yo.

## VI. DEFINISYON YO

*Kontraktiyèl-* Tout antite ki fè travay oswa ki bay sèvis nan non yon ajans oswa yon divizyon sou baz yon antant kontraktiyèl avèk ranbousman. (“Kontra” vle di yon relasyon legal mityèl ki bay vandè a obligasyon pou bay materyèl oswa sèvis (ki gen ladan konstriksyon) epi achtè a gen obligasyon pou peye pou yo.).

*Responsab Adjwen Dwa Sivil yo-* Responsab Adjwen Dwa Sivil yo se lidè siperyè nan chak pwogram ak biwo rejyonal ki gen responsablite pou kowòdone pwogram dwa sivil ekstèn yo, ak responsablite pou aplike pwogram dwa sivil entèn yo nan biwo respektif yo. Responsab Adjwen Dwa Sivil yo gen responsablite pou travay ak Biwo Jistis Anviwònman ak Dwa Sivil Ekstèn yo (OEJEER) ak Biwo Dwa Sivil yo tou.<sup>8</sup>

*Kominikasyon Dirèk “Nan Lang”-* Kominikasyon monoleng nan yon lang ki diferan ak Anglè ant yon manm pèsònèl ki pale plizyè lang ak yon moun ki gen LEP (tankou, Koreyen pou Koreyen).

*Kominikasyon Efikas-* Kominikasyon sifizan pou bay moun ki gen LEP yo vrèman menm nivo aksè ak sèvis ak enfòmasyon ke moun ki metrize Anglè yo resevwa yo. Pa egzanp, si EPA kreye yon dokiman sou kesyon moun poze souvan yo an Anglè pou ede piblik jeneral la konprann aksyon li yo, nan ka sa yo ta dwe tradwi enfòmasyon sa yo nan lang ki apwopriye yo pou bay moun ki gen LEP yo aksè ak menm enfòmasyon yo.

*Entèpretasyon-* Aksyon pou koute yon kominikasyon nan yon lang (lang sous) epi vèbalman konvèti l nan yon lòt lang (lang sib) pandan kominikasyon an ap konsève menm sans lan.

*Entèprèt-* Yon moun ki transmèt kominikasyon vèbal nan yon lang (lang sous la) ale nan yon lòt lang (lang sib la).

*Moun ki Gen Metriz Limite nan Anglè (LEP)-* Moun ki pa pale Anglè kòm lang matènèl yo epi ki gen kapasite limite pou yo li, ekri, pale, oswa konprann Anglè. Moun ki gen LEP yo kapab konpetan nan Anglè pou sèten tip kominikasyon (tankou, pou pale oswa pou konprann), men yo limite nan metrize Anglè yo pou lòt tip kominikasyon (tankou, pou yo li oswa ekri).

---

<sup>7</sup> Gade <http://www.gpo.gov/fdsys/pkg/FR-2004-06-25/pdf/04-14464.pdf>.

<sup>8</sup> Gade Responsab Adjwen Dwa Sivil yo, Dekrè EPA No. 4700 (1 Me 2013).

*Bon Jan Aksè-* Asistans lang ki soti nan yon kominikasyon ki presi, rapid, epi ki efikas pou moun ki gen LEP yo. Pou moun ki gen LEP yo, bon jan aksè vle di efò rezonab pou bay sèvis asistans lang pou asire ke moun ki gen LEP yo genyen gwo aksè egal nan sèvis, pwogram, ak aktivite EPA yo.

*Pèsonèl oswa Anplwaye Miltileng ki Kalifye epi ki Deziyen-* Yon manm pèsonèl oswa yon anplwaye ki te montre metriz nan Anglè epi ki li, ekri, pale, epi konprann omwen yon lòt lang jan EPA otorize sa. Yon manm pèsonèl/anplwaye miltileng kapab pale oswa ekri dirèkteman yon moun ki gen LEP nan yon lang ki diferan ak Anglè.<sup>9</sup>

*Lang Matènèl-* Lang matènèl yon moun se lang yon moun kominike yon fason ki plis efikas ladan.

*Pwogram, Aktivite, ak Sèvis-* Tèm “pwogram, aktivite, ak sèvis” ak tèm “pwogram” nan vle di tout operasyon Ajans lan.

*Tradiksyon Vizyèl (Sight Translation)-* Entèpretasyon Oral oswa an Siy yon tèks alekri nan yon lang pale oswa lang siy pa yon entèprèt, san chanje sans lan, selon yon revizyon vizyèl tèks oswa dokiman orijinal la.

*Tradiksyon-* Ranplasman yon tèks alekri ki nan yon lang (lang sous) ale nan yon tèks alekri ekivalan ki nan yon lòt lang (lang sib).

*Tradiktè-* Yon moun ki konvèti yon tèks alekri nan yon lang (lang sous) an yon tèks ekivalan alekri nan yon lòt lang (lang sib).

*Dokiman Vital-* Dokiman papyè oswa sou fòm elektwonik ki esansyèl pou pwogram, aktivite, ak sèvis Ajans lan, oswa ki gen enfòmasyon sou pwosedi oswa pwosesis ke lalwa egzije yo. Klasifikasyon yon dokiman kòm “vital” depannde enpòtans pwogram nan, enfòmasyon, rankont, oswa sèvis ki enplike a, ak konsekans k ap vin genyen pou moun ki gen LEP a si yo pa bay enfòmasyon ki konsène yo yon fason ki presi oswa rapid.

## **VII. RESPONSABLITE YO**

Misyon EPA se pou pwoteje sante moun ak anviwònman an ak pou asire ke tout moun k ap viv Ozetazini pwoteje kont gwo risk sou sante moun ak anviwònman kote y ap viv la, kote y ap aprann, ak kote y ap travay la. Selon Tit VI nan Lwa 1964 sou Dwa Sivil yo, règleman sou aplikasyon Tit VI lan ak dokiman oryantasyon yo ak EO 13166 la, Dekrè LEP sa a la pou bay oryantasyon nan tout ajans lan sou mezi rezonab EPA ap pran pou bay moun ki gen LEP yo bon jan aksè ak pwogram, aktivite, ak sèvis EPA yo ki otreman disponib pou piblik la, yon fason ki rapid epi efikas.

---

<sup>9</sup>EPA ap devlope yon SOP pou dekri kalifikasyon ak deziyasyon pou manm pèsonèl oswa anplwaye miltileng ke yo rekrute, anboche, evalye, ak/oswa resevwa fòmasyon pou kominike ak moun ki gen LEP yo nan non EPA.

Se Biwo Jistis Anviwòmmantral ak Dwa Sivil Ekstèn nan (OEJEER) antanke ekspè nan domèn nan ki gen dènye responsablite pou administre fonksyon pwogram LEP EPA a ak aplikasyon EO 13166 la. Yo egzèse responsablite sa a nan kolaborasyon sere ak Biwo Zafè Piblik la (OPA) nan Biwo Administratè a.

Nan OEJEER, se Kowòdonatè Nasyonal Ekstèn Pwogram LEP ak Andikap la ki administre Pwogram LEP a (isit la ki rele LEP NPC). LEP NPC a fè rapò bay Administrasyon Adjwen OEJEER pou Dwa Sivil Ekstèn yo. LEP NPC responsab administrasyon jeneral fonksyon pwogram LEP a epi li devlope, aplike, epi bay Dekrè EPA ki apwopriye, direktiv, oryantasyon, ak pwosesis ki ka egzekite pou kapab reyalize aksè ki konsistan, efikas, ak bon jan aksè pou moun ki gen LEP ekstèn yo pou Ajans lan. LEP NPC a devlope fòmasyon, fich enfòmasyon, kesyon moun poze souvan yo ak lòt materyèl resous enfòmatif pou anplwaye yo, administrasyon an, ak lòt aktè yo (ki gen ladan moun ki pa fè pati ajans lan) sou pwosedi pou swiv pou bay sèvis lang ki apwopriye pou moun ki gen LEP yo. LEP NPC a travay an kowòdinasyon ak OPA pou reyalize responsablite ki nan Dekrè sa a. LEP NPC a patisipe yon fason aktif ladan epi li dirije Gwoup Travay sou Aksè Lang EPA a. Epi LEP NPC a patisipe epi reprezante EPA nan gwoup travay federal entè-ajans yo, ki gen ladan Depatman Jistis la sou Gwoup Travay Entè-Ajans LEP a, epi li angaje ak lòt aktè federal entè-ajans yo sou administrasyon pwogram LEP a.

Pou asire ke yo bay sèvis lang sa yo yon fason efikas, EPA te etabli yon veyikil kontraktiyèl ki gen ladan tradiksyon dokiman, entèpretasyon an pèsòn oswa vityèl, ranplasman vwa (voice over), soutit, ak sèvis entèpretasyon nan telefòn,<sup>10</sup> ki disponib pou tout pwogram EPA ak biwo rejyonal yo.<sup>11</sup> Se OEJEER ki administre kontra LEP a. LEP NPC a pral sèvi kòm reprezantan kontra LEP a nan Komisyon Administrasyon Fon Woulman Kapital EPA a.

## **A. Gwoup Travay sou Aksè Lang pou Ede Kontwòl, Evalye ak Aktyalize Politik LEP yo**

---

<sup>10</sup>Kontra sèvis LEP a bay tradiktè ak entèprèt pwofesyonèl kalifye ki se pwofesyonèl sètifye ke konpetans yo asire sou baz kalifikasyon pwofesyonèl yo. Kalifikasyon pwofesyonèl ki apwopriye yo gen ladan yon diplòm Master of Arts nan tradiksyon/entèpretasyon, oswa yon akreditasyon Asosiyasyon Tradiktè Ameriken yo (American Translators Association), oswa lòt gwoup akreditasyon ke yo rekonèt epi yo dwe gen fòmasyon ki apwopriye konsènan konfidansyalite pwofesyonèl ak nòm kondwit yo. Anplis, kontra aksè lang LEP a mande kontraktiyèl la pou l genyen yon konpreyansyon nan tèm anviwòmmantral, medikal, syantifik, jridik, ak mo espesyal ak ekspresyon yo itilize oswa ki difisil pou lòt moun konprann, tankou “jagon pwofesyonèl,” selon nòm Estil [ak Glosè Lang Espanyòl pou Sit Entènèt Gouvènman Etazini an](#) ak itilizasyon [Glosè Tèm Anviwòmmantral yo, Abrevyasyon, ak Akwonim an Espanyòl](#) pou tradiksyon.

<sup>11</sup> Nan Ane Fiskal 2021 an, kontra sèvis LEP a fè pati sektè aktivite Agencywide Contracts nan Fon Woulman an epi yo te faktire RPIO (Biwo ki Responsab Planifikasyon ak Egzekisyon) yo chak ane selon itilizasyon ane ki te pase a. Nan Ane Fiskal 2023 a, yo te aktyalize metodoloji retwo-faktirasyon an pou bay faktirasyon ki pi presi e ki pi klè, epi yo faktire pwogram ak biwo rejyonal yo chak mwa selon itilizasyon reyèl yo. Nan Ane Fiskal 2024 la, Kontra Sèvis LEP yo te tounen yon nouvo sektè aktivite Fon Woulman kòm yon sèvis otonòm ki jere pa OEJEER ki pèmèt yo byen retrase finansman LEP a, pandan y ap pèmèt pwogram nan repati depans yo. Apre sa Ajans lan ka egzamine epi swiv fon yo atribye selon kòd pwogram/rejyonal la.

Yon fwa chak de lane (oswa pi souvan jan sa nesesè) EPA pral konvoke yon Gwoup Travay sou Aksè Lang (Gwoup Travay), ki dirije pa LEP NPC a, pou revize (1) si EPA ta dwe fè lòt mizajou nan politik ak plan sou aksè lang li yo (ki gen ladan “lang yo plis pale nan peyi a”); (2) si EPA ap rive jwenn moun ki gen metriz limite nan Anglè yo yon fason ki efikas lè y ap pataje enfòmasyon sou resous EPA yo, epi si l ap bay bon jan aksè ak pwogram, aktivite, ak sèvis EPA yo;<sup>12</sup> epi (3) si EPA ta dwe fè lòt mizajou nan kominikasyon nimerik li yo pou sèvi moun ki gen metriz limite nan Anglè yo.<sup>13</sup> Konpozisyon Gwoup Travay la pral reflekte estrikti òganizasyonèl EPA a epi pral byen reprezante pwogram EPA ak biwo rejyonal yo (ki gen ladan “rejyon prensipal la”). Gwoup Travay la pral fè rekòmandasyon bay LEP NPC ak administrasyon OEJEER a pou mizajou ak revizyon ki apwopriye yo. Gwoup Travay la pral etabli yon kalandriye rankont ak yon kalandriye pou fè rekòmandasyon sa yo. Yo pral fè mizajou nan konpozisyon Gwoup Travay la chak de lane.

## **B. Responsab Pwogram ak Biwo Rejyonal la**

Chak Responsab Adjwen Dwa Sivil (DCRO) pwogram nan oswa rejyonal la pral deziyen yon Responsab Pwogram oswa yon Responsab Biwo Rejyonal (RPROO) (an jeneral Direktè Kominikasyon Biwo Pwogram nan oswa Direktè Zafè Piblik Rejyon an). RPROO pral asire ke biwo yo a te devlope yon plan LEP ki espesik ak pwogram/rejyon an. Yo dwe soumèt chak plan LEP bay LEP NPC pou revizyon ak apwobasyon. Yon fwa plan LEP a apwouve, RPROO a pral travay ak DCRO pou asire ke yo aplike plan an epi tout manm pèsònèl pwogram nan/rejyon an te resevwa fòmasyon, jan sa apwopriye.<sup>14</sup> RPROO a, an kowòdinasyon ak LEP NPC a, pral kreye yon kalandriye pou kontwòle efikasite plan LEP yo epi yo pral enfòme yo sou travay ak rekòmandasyon Gwoup Travay LEP a fè konsènan egzaminasyon ak revizyon Dekrè LEP a, politik ak pwosedi yo ak evalyasyon pwogram LEP a. RPROO a pral patisipe nan rankont regilye ak LEP NPC a epi rete enfòme epi enplike nan aplikasyon Dekrè LEP EPA a ak aplikasyon plan LEP ki koresponn yo.

## **C. Reprezantan LEP pou Pwogram ak Biwo Rejyonal la**

Chak RPROO pral idantifye yon Reprezantan LEP pou Pwogram ak Biwo Rejyonal la (LEPR) pou pwogram ak biwo rejyonal yo a. LEPR a pral sèvi kòm pwen kontak prensipal pou pwogram nan oswa biwo rejyonal la pou kapab garanti sèvis asistans lang nan kontra LEP a epi yo pral fè kowòdinasyon dirèkteman ak LEP NPC ak reprezantan responsab kontraktiyèl LEP a (COR).

OEJEER, LEP NPC, ak Gwoup Travay LEP a, RPROO, ak LEPR a pral travay kole sere pou asire ke EPA respekte Dekrè LEP sa a, direktiv LEP yo, pwosedi yo, ak aplikasyon Plan LEP yo nan Ajans lan pou asire bon jan aksè ak pwogram, aktivite, ak sèvis Ajans lan pou moun ki gen LEP yo.

## **D. Mezi Asistans pou lang**

---

<sup>12</sup>Evalyasyon EPA a ki la pou detèmine si EPA ap rive atenn moun ki gen LEP yo yon fason ki efikas lè l ap pataje enfòmasyon sou resous EPA yo, ak lè l ap bay bon jan aksè ak pwogram, aktivite, ak sèvis EPA yo, li pral enkli sansibilizasyon piblik epi bay yon opòtinite pou resevwa kòmantè piblik la konsènan efikasite pwogram LEP ekstèn EPA a.

<sup>13</sup> Selon Memorandòm Novanm 2022 Pwokirè Jeneral Etazini an nan: <https://www.justice.gov/file/1553196/download>.

<sup>14</sup>OEJEER pral ede fòme manm pèsònèl pwogram nan ak manm pèsònèl rejyonal yo sou Plan LEP ki adapte ak pwogram/rejyon an.

Aprè yo fin detèmine bezwen pou sèvis asistans lang yo, EPA pral pran mezi rezonab pou asire ke tout komunikasyon yo fèt pandan y ap itilize yon entèprèt oswa yon tradiktè kontraktiyèl ki kalifye, pa mwayen entèpretasyon nan telefòn oswa entèpretasyon vityèl/vidyo ak entèprèt ki kalifye, oswa ak itilizasyon manm pèsònèl militeng ki kalifye.

EPA pral pran mezi ki rezonab pou asire ke dokiman vital ki lye ak pwogram, aktivite ak sèvis EPA yo tradwi nan lang ke moun sa yo ki gen LEP yo itilize plis souvan yo. Epitou EPA pral bay sèvis entèpretasyon pou moun yo nan yon lang yo ka konprann, nan yon fason pou yo kapab byen patisipe nan pwogram, aktivite, ak sèvis EPA yo. Pi devan, EPA pral bay entèpretasyon lang Espanyòl pou tout evènman ki nan enterè peyi a. Manm pèsònèl EPA ki entèraji ak piblik la pral resevwa fòmasyon sou politik ak pwosedi pou aksè ak lang yo, ki gen ladan fason pou jwenn aksè ak sèvis asistans lang yo ak fason pou idantifye epi travay ak moun ki gen LEP yo, entèprèt yo, ak tradiktè yo.

## **DEKRÈ AK PWOSEDI KONSÈNAN METRIZ LIMITE NAN ANGLÈ**

### **1. Entèraksyon EPA ak Moun ki gen LEP yo**

Misyon EPA a reyalize pa apeprè 23 biwo li yo, <sup>15</sup>ki konsakre yo, pami lòt bagay, pou:

- Dirije efò nasyonal pou redwi risk anviwònmantral ki baze sou pi bon enfòmasyon syantifik ki disponib yo;
- Asire ke yo aplike lwa federal ki pwoteje sante moun ak anviwònman an;
- Asire ke pwoteksyon anviwònmantral fè pati entegral nan politik Etazini yo konsènan resous natirèl, sante moun, kwasans ekonomik, enèji, transpò, agrikilti, endistri ak komès entènasyonal, epi pou yo konsidere faktè sa yo tou pandan etablisman politik sou anviwònman an;
- Bay enfòmasyon presi pou tout pati yo nan sosyete a pou moun yo kapab patisipe yon fason efikas nan jesyon sante ak risk anviwònmantral yo; epi
- Bay aksè ak komunikasyon nan ka ijans anviwònmantral oswa kastastwòf natirèl.

Lè t ap konsidere aktivite ak misyon espesifik, pwogram, ak sèvis divèsifye nan anpil biwo EPA yo, tip ak frekans kontak ak entèraksyon ak piblik la epi ak moun ki gen LEP yo kapab varye nan biwo yo. Pou reponn ak sa, chak pwogram EPA ak biwo rejyonal yo pral devlope pwogram oswa plan LEP ki adapte ak rejyon yo pou asire ke tout moun ki gen LEP yo gen bon jan aksè ak tout pwogram, aktivite, ak sèvis EPA yo.<sup>16</sup>

<sup>15</sup> Gade [Tablo Òganizasyonèl Ajans Pwoteksyon Anviwònmantral la](#)

<sup>16</sup> Kondisyon pou devlope “pwogram oswa plan LEP ki adapte ak rejyon yo” aplike nan tout biwo pwogram EPA yo, ki gen ladan Biwo Administratè a, medya, biwo sipò ak dis biwo rejyonal yo. Kèk nan biwo pwogram yo kapab



- A. Pandan elaborasyon pwogram ak plan LEP ki adapte ak rejyon yo, chak pwogram ak biwo rejyonal pral egzamine misyon ak pwogram li yo, aktivite, ak sèvis li ofri yo yon fason ki koresponn ak misyon sa a.
- B. Apati moman EPA rann pwogram, aktivite, ak sèvis yo disponib pou piblik la, EPA pral pran mezi ki rezonab pou asire ke gen bon jan aksè ki disponib pou piblik ki gen LEP yo tou. Konsa, chak pwogram ak biwo pwogram rejyonal pral egzamine tip ak metòd entèraksyon piblik yo. Pa egzanp, nimewo telefòn ke piblik la itilize regilyèman yo, aktivite sansibilizasyon pou piblik la, piblikasyon ak lèt yo, ak enfòmasyon sou pwogram ki disponib atravè EPA.gov la ta dwe aksesib pou moun ki gen LEP yo.
- C. Etandone frekans, tip, ak dimansyon kontak ak entèraksyon sa yo ak moun ki gen LEP yo pral varye nan biwo EPA yo, chak pwogram ak biwo rejyonal swiv yon metòd sistematik pou kontwòl entèraksyon sa yo pou asire ke y ap jere yo yon fason ki apwopriye epi ki efikas.<sup>17</sup>

## 2. **Idantifikasyon ak Evalyasyon Kominote ki gen LEP yo: Yon Pwofil sou Entèraksyon EPA ak Moun ki gen LEP yo**

### A. **Pwofil Moun ki gen LEP yo**

Moun ki gen LEP ke EPA rankontre yo gen ladan kominote yo, moun, biznis, ak gouvènman tribal yo. Lang yo rankontre ki plis pale nan tout peyi a pa moun ki gen LEP yo se Espanyòl. Sepandan, biwo pwogram ak biwo rejyonal yo kapab rankontre tou anpil lòt lang ke moun ki gen LEP yo pale, sitou pandan entèraksyon ak kominote jewografik espesifik yo.

### B. **Tip entèraksyon**

Li enpòtan pou biwo pwogram nan ak biwo rejyonal yo swiv tout ka kote biwo respektif sa a te bay sèvis tradiksyon ak/oswa sèvis entèpretasyon epi nan ki lang pou biwo yo kapab konnen bezwen kominote yo sèvi yo. Epitou sa pèmèt biwo yo re-egzamine pandan kèk peryòd si pwofil demografik/lengwistik kominote yo sèvi yo te chanje. Epitou OEJEER pral swiv sèvis ke biwo pwogram nan ak biwo rejyonal yo te bay yo, ak frè pou kontra lengwistik yo tou.<sup>18</sup> Chak ane, OEJEER a pral bay enfòmasyon sa yo nan chak biwo respektif oswa biwo rejyonal ki itilize kontra sa a pou fasilite biwo a nan revizyon pwòp plan LEP yo a, pou evalye efikasite entèraksyon yo pandan y ap konsidere enfòmasyon demografik yo, elatriye.

---

vle devlope sou-plan pou biwo espesifik yo nan biwo pwogram yo a ki reyalize fonksyon misyon ekstèn yo (tankou, pa egzanp, Biwo Konfòmite Dwa Sivil Ekstèn yo nan OEJEER, ki te devlope pwòp sou-plan li.)

<sup>17</sup>Kontra Sèvis LEP yo se yon sektè aktivite Fon Woulman antanke yon sèvis otonòm ki jere pa OEJEER ki pèmèt yo byen retrase finansman LEP a, pandan y ap pèmèt pwogram nan repati depans yo. Apre sa Ajans lan ka egzamine epi swiv fon yo atribye selon kòd pwogram/rejyonal la. Anplis, pandan pwosesis admisyon pou mande sèvis aksè pou lang yo, yo bay yon kantite referans pou chak biwo rejyonal ak biwo pwogram nan. Nimewo referans sa a pèmèt OEJEER swiv enfòmasyon sa yo: lang yo mande a, tip sèvis asistans lang yo bay, itilizasyon, ak frè yo.

<sup>18</sup> *Id.*

### C. Lang ki plis dominan nan tout peyi a:

Nan nivo nasyonal la, EPA konsidere lang ke moun ki gen LEP yo plis pale yo se lang ke Sondaj Kominote Ameriken an te idantifye yo (ACS). Selon ACS, 10 premye lang ki pa Anglè ke moun ki genyen senk lane oswa plis yo pale lakay yo epi ki pa pale Anglè trè byen yo se: Espanyòl, Chinwa, (Mandaren tradisyonèl ak senplifye), Vyetnamyen, Koreyen, Tagalòg, Arab, Kreyòl Ayisyen, Pòtigè, ak Fransè.<sup>19</sup> Pou asire ke lis la rete ajou, Gwoup Travay LEP a pral revize lis la chak de lane epi aktyalize l jan sa nesèsè. Mizajou a pral reflekte aktyèl enfòmasyon demografik yo selon done ACS yo. Anplisde 10 premye lang yo, EPA pral konsidere lang endijèn oswa lòt lang ki mwens pale yo.

Anplis, chak pwogram ak biwo rejyonal ki fè biznis nan plis zòn jwografik rejyonal oswa zòn jwografik espesifik yo, ta dwe asire ke yo fè referans nan done Biwo Resansman Etazini an<sup>20</sup> oswa lòt zouti done yo, pou idantifye done demografik ki adapte ak yon rejyon oswa ak yon zòn jwografik ak lang apwopriye yo pale yo. Chak pwogram ak biwo rejyonal pral itilize done sa yo pou devlope enfòmasyon konsènan gwoup lang yo gen plis chans rankontre pandan sansiblizasyon rejyonal oswa sansiblizasyon nan kominote a. Materyèl tradwi ki fèt pou piblik espesifik yo pa bezwen tradwi nan tout lang. Pa egzanp, si yo te tradwi yon dokiman pou yon zòn sib k ap fè fas ak risk anviwònmanal epi analiz demografik la te montre ke gwoup lang ki afekte a sèlman pale Vyetnamyen, pa gen okenn bezwen pou tradwi menm materyèl sa a an Espanyòl, Chinwa, ak Ris, elatriye.

### D. Pwen Premye Kontak—Idantifikasyon Moun ki gen LEP yo:

Nan pwen premye kontak ak yon moun ki gen LEP, manm pèsònèl EPA a pral fè yon evalyasyon inisyal sou bezwen pou sèvis asistans lang yo. Apre sa manm pèsònèl la pral kontakte biwo ki apwopriye a, si li diferan ak premye pwen kontak la, pou fè aranjman pou sèvis sa yo si yo nesèsè pou kominike ak moun nan yon fason ki efikas. Chak biwo pral detèmine fason ki pi efikas pou idantifye lang prensipal yon moun.

Nan anpil ka, premye kontak la gen plis chans pou fèt nan telefòn oswa pa imèl. Pou idantifye lang prensipal moun lan nan telefòn, anplwaye yo kapab chita sou oto-idantifikasyon pa moun ki gen LEP a. Kontra LEP EPA a gen ladan entèpretasyon nan telefòn, epi chak biwo gen aksè ak sèvis entèpretasyon telefonik sa yo.

Si gen konfizyon konsènan lang prensipal LEP a, anplwaye yo ka itilize manm pèsònèl militeng ki kalifye oswa sèvis entèpretasyon telefonik EPA a pou eseye idantifye lang prensipal moun nan. Pou idantifye lang prensipal moun lan pa imèl, anplwaye yo kapab chita sou oto-idantifikasyon pa moun ki gen LEP a. Otreman, manm pèsònèl la ka idantifye manm pèsònèl militeng yo, oswa sèvis tradiksyon kontraktiyèl yo pou detèmine lang ki apwopriye pou kominikasyon an.

Pandan yon kontak nan telefòn oswa kontak an pèsòn ak yon moun ki gen LEP, si genyen pwòch, zanmi, konesans, vwazen, oswa timoun ki prezan ak moun nan, manm pèsònèl la

<sup>19</sup> Gade: LANG MOUN YO PALE LAKAY YO SELON KAPASITE POU PALE ANGLÈ POU POPILASYON KI GEN 5 LANE AK PLIS YO, 2020: Estimasyon ACS sou 5 Lane Tablo Detaye Inivè a: Popilasyon ki gen 5 lane ak plis yo, nan <https://data.census.gov/table?q=B16001&tid=ACSDT5Y2020.B16001&tp=false>.

<sup>20</sup> Gade "[Moun Ki Pale Anglè Mwens pase "Trè Byen" Ozetazini,](#)" pou done lang ki adapte ak eta/peyi a.

kapab repoze sou moun sa yo pou fè yon premye ankèt sou lang prensipal moun ki gen LEP a. Sepandan, manm pèsònèl la pa ta dwe repoze l sou moun sa yo pou bay sèvis entèpretasyon akòz sa ka lakoz yon vyolasyon konfidansyalite, yon konfli enterè, oswa yon entèpretasyon ki pa apwopriye.

Pou idantifye lang prensipal yon moun, anplwaye yo kapab itilize youn oswa plis nan sa ki annapre yo:

- 1) Oto-idantifikasyon pa moun ki gen LEP a oswa konpanyon an;
- 2) Verifikasyon pa yon manm pèsònèl miltileng ki kalifye, ak/oswa
- 3) Sèvis entèpretasyon nan telefòn.

Pandan kominikasyon ak manm pèsònèl ki sou plas nan kominote yo, manm pèsònèl ki travay sou sit deyò biwo EPA yo pral fè tout efò pou idantifye potansyèl moun ki gen LEP yo ak moun yo kapab an kontak ak yo anvan yo te vini nan sit la epi prepare yo selon sityasyon an. Si manm pèsònèl la rankontre moun ki gen LEP ki bezwen sèvis entèpretasyon epi moun yo pa t idantifye anvan vizit sou sit la, manm pèsònèl la pral mande moun ki gen LEP yo pou idantifye lang yo pandan y ap itilize yon kat “I Speak” (Mwen Pale) oswa lòt zouti idantifikasyon lang<sup>21</sup> oswa lòt resous ki efikas epi yo pral fè aranjman pou sèvis entèpretasyon oswa pandan yo sou sit la oswa osito sa posib apre sa. Pa egzanp, yo ka bay sèvis entèpretasyon yo pandan y ap itilize liy entèpretasyon telefonik la.

### 3. Sèvis Asistans pou Lang

Jan sa te deja deklare a, OEJEER administre yon kontra LEP ki bay sèvis tradiksyon dokiman, entèpretasyon vityèl, entèpretasyon an pèsòn, ak entèpretasyon nan telefòn, voice over (ranplasman vwa), soutit, transkripsyon, ak sèvis ki konfòm ak Seksyon 508 la<sup>22</sup> pou tout biwo pwogram ak biwo rejyonal yo. OEJEER genyen yon Pwosedi Fonksyonman Estanda (SOP) pou jwenn sèvis tradiksyon ak sèvis entèpretasyon yo selon kontra LEP a, ansanm ak fòmilè yo ka soumèt yon fason elektwonik pou mande sèvis lang.<sup>23</sup>

Tout biwo pwogram ak biwo rejyonal EPA yo pral pran mezi rezonab pou reponn nan yon fason ki rapid e efikas pou bay sèvis lang ki apwopriye pou moun ki gen LEP ki bezwen asistans lang oswa enfòmasyon. Tout biwo pwogram EPA ak biwo rejyonal yo pral detèmine “konbinezon lang” ki nesèsè pou asire ke moun ki gen LEP yo resevwa bon jan aksè.<sup>24</sup> Yo pral enfòmè moun ki gen LEP yo ke EPA pral bay sèvis lang, ki gen ladan tradiksyon ak/oswa entèpretasyon gratis pou yo.

<sup>21</sup> Kat idantifikasyon “I Speak” (Mwen Pale) la se yon zouti yo itilize ak moun ki gen LEP yo pou detèmine lang natif natal yo a.

<sup>22</sup> Gade Seksyon 508 nan Lwa sou Reyadaptasyon an (29 U.S.C. 794d), jan sa amande a, 1998, nan <https://www.regulations.gov/accessibility> .

<sup>23</sup> Gade SOP ak fòmilè pou mande sèvis kontra LEP yo: <https://work.epa.gov/oejecr/limited-english-proficiency>.

<sup>24</sup> Gade Depatman Jistis “Gid pou Benefisyè Asistans Finansye Federal yo Konsènan Entèdiksyon Tit VI la Kont Diskriminasyon sou Baz Orijin Nasyonal Ki Afekte Moun ki Gen Metriz Limite nan Anglè yo” (12 Jen 2002), ki eksplike pou yo itilize “analiz kat faktè a” lè y ap detèmine konbinezon sèvis asistans lang ki apwopriye yo pou asire

## A. Sèvis Lang Oral (Entèprèt)

1. Biwo pwogram ak biwo rejyonal EPA a pral bay entèpretasyon oral similtane, pa entèprèt ki kalifye pou pwosedi an dirèk yo (tankou, rankont sou angajman kominotè ak rankont oswa odyans piblik yo), evènman, lòt pwogram, aktivite, oswa sèvis, keseswa an pèsòn, pa mwayen vityèl oswa nan yon anviwònman ibrid, nan tout lang ki apwopriye ak lòt lang yo mande yo pou pèmèt moun ki gen LEP yo pou patisipe yon fason siyifikatif nan evènman sa yo, pwosedi, pwogram, ak aktivite yo, elatriye (tankou bay kòmantè pandan odyans piblik yo, pandan pwosedi, pwogram, ak aktivite ke yon biwo pwogram oswa yon biwo rejyonal EPA a te òganize oswa te bay).
2. Biwo pwogram ak biwo rejyonal EPA yo p ap mande moun ki gen LEP yo pou bay pwòp sèvis asistans lang yo lè y ap kominike ak EPA a. Yo pral bay sèvis entèpretasyon oral atravè kontra LEP a.
3. Selon tip sèvis asistans lang ki nesèsè yo, yo ka itilize yon manm pèsònèl miltileng ki kalifye, jan sa apwopriye. Lè sèvis yon manm pèsònèl miltileng pa apwopriye, biwo pwogram nan oswa biwo rejyonal la pral chèche asistans entèpretasyon atravè kontra LEP a.
4. Eksepte nan sikonstans inabityèl yo, EPA p ap repoze sou manm fanmi volontè yo, vwazen, zanmi, konesans, oswa pasan ki pa gen fòmasyon pou bay sèvis entèprèt.

## B. Sèvis Lang Alekri (Tradiksyon)

1. *Dokiman Esansyèl yo*: Klasifikasyon yon dokiman kòm “vital” depannde enpòtans pwogram nan, enfòmasyon, rankont, oswa sèvis ki enplike a, ak konsekans k ap vin genyen pou moun ki gen LEP a si yo pa bay enfòmasyon ki konsène yo yon fason ki presi oswa rapid. Detèminasyon ki dokiman yo konsidere kòm “esansyèl” rete sou sèl diskresyon biwo pwogram nan oswa rejyonal la, ki nan pi bon pozisyon pou evalye ak atikile sikonstans ak sèvis inik yo. Dokiman ki te ka klasifye kòm “esansyèl” yo jeneralman tonbe nan de gran kategori: kominikasyon espesifik alekri konsènan yon sijè ant yon moun ak yon biwo pwogram oswa biwo rejyonal epi, dokiman ki prensipalman vize pilbik jeneral la oswa yon gran piblik.

Plis aktivite, enfòmasyon, sèvis, oswa pwogram nan enpòtan, oswa plis konsekans ki posib pou kontak moun ki gen LEP yo elve, se plis pwobablite k ap genyen pou sèvis yo nesèsè. Pa egzanp, obligasyon pou kominike enfòmasyon yo bay yon moun ki ka te sibi enpak negatif pa yon kontaminasyon imedya sous dlo yo oswa pou libere pwodwi chimik toksik ki nan lè a, diferan ak obligasyon sa yo pou bay enfòmasyon sou efò pou ogmante

---

ke yon moun ki gen LEP a gen bon jan aksè ak pwogram ak aktivite ajans yo. Analiz kat faktè a konsidere: (1) Kantite oswa pwopòsyon moun LEP ki elijib pou yo sèvi yo oswa ki gen chans pou pwogram nan rankontre yo; (2) chak kilè moun ki gen LEP yo antre an kontak ak pwogram nan; (3) nati ak enpòtans pwogram nan, aktivite, oswa sèvis pwogram nan bay pou lavi moun; epi (4) resous ki disponib pou pwogram nan ak frè yo. *Gade tou [Plan Daksè Lang DOJ a](#).*

resiklaj. Yon pwogram/rejyon dwe detèmine si yon refi oswa reta nan aksè ak sèvis oswa enfòmasyon yo te ka gen enplikasyon grav oswa menm enplikasyon mòtèl pou moun ki gen LEP yo. Desizyon yon pwogram pou rann yon aktivite, yon avètisman oswa avi obligatwa, tankou pwogram edikatif patikilye sou penti abaz plon ak timoun, ka sèvi kòm prèv ki solid pou enpòtans pwogram nan.

Pafwa li ka difisil pou fè yon diferans ant dokiman esansyèl ak dokiman non-esansyèl yo, sitou lè y ap konsidere dokiman sansiblizasyon oswa lòt dokiman ki fèt pou fè konnen dwa oswa sèvis yo. Byenke bon jan aksè ak yon pwogram mande pou konnen egzistans pwogram nan, nou rekonèt ke li t ap prèske enposib, apati yon pwendvi pratik epi finansye, pou tradwi tout dokiman sansiblizasyon yo nan tout lang. Sepandan, akòz nan kèk sikontans, mank sansiblizasyon sou egzistans yon pwogram patikilye kapab refize moun ki gen LEP yo bon jan aksè yon fason ki apwopriye, li enpòtan pou EPA regilyèman evalye bezwen popilasyon an pou sèvis ki elijib yo pou detèmine si yo ta dwe tradwi sèten materyèl sansiblizasyon nan lòt lang.

- a. Pou sa ki konsène kominikasyon alekri konsènan yon sijè ant yon moun ak yon biwo pwogram oswa yon biwo rejyonal espesifik, rezon ki fè y ap tradwi kominikasyon alekri sa yo se pou bay moun ki gen LEP yo bon jan aksè ak kominikasyon ki esansyèl pou konprann sijè y ap pale sou li a. Kòm yon egzanp, moun ki gen LEP yo kapab soumèt plent diskriminasyon yo bay OEJECR nan lang ki pa Anglè epi OEJECR dwe reponn moun ki gen LEP yo nan lang prensipal yo.

Kominikasyon alekri ak yon moun ke yo konsidere kòm dokiman “esansyèl” yo gen ladan, men pa limite ak, sa ki swiv yo:

- Avi alekri sou dwa, refi, pèt oswa diminisyon nan avantaj oswa nan sèvis yo;
- Avi sou mezi disiplinè, risk anviwònmantral oswa òdonans pou kanpe oswa pou renonse;
- Avi pou enfòmasyon moun ki gen LEP yo sou egzistans asistans nan lang gratis la;
- Règleman sou plent anviwònmantral yo;
- Avi sou pèmi;
- Avi, lèt, oswa fòmilè ki lye ak plent administratif yo, ki gen ladan plent elektwonik sou entènèt yo (pa egzanp, plent ekstèn nan kesyon dwa sivil yo);
- Desizyon final EPA a oswa lèt detèminasyon sou sijè espesifik ke moun ki gen LEP oswa kominote ki gen LEP yo enplike ladan yo; epi,
- Fòmilè konsantman pou divilgasyon enfòmasyon ki idanfye moun yon fason pèsònèl.

- b. Pou sa ki konsène dokiman ki la pou sansiblize piblik la oswa pou yon gran piblik, chak biwo pwogram ak biwo rejyonal pral asire ke yo tradwi dokiman ki konsidere kòm “esansyèl” yo lè genyen yon gwo pousantaj popilasyon ki elijib pou resevwa sèvis la, oswa ki gen posiblite pou dirèkteman afekte yo, pa sèvis, pwogram, oswa aktivite biwo yo genyen LEP. Biwo pwogram nan ak biwo rejyonal yo pral konsidere lang ke moun ki gen LEP yo plis pale yo kòm yon gid pou priyore lang pou tradwi dokiman esansyèl yo.<sup>25</sup> Chak biwo kapab vle konsidere tradiksyon nan lòt lang, jan sa nesèsè, selon enfòmasyon demografik oswa dosye sijè yo sible pou kominote ak piblik espesifik yo.

Kèk egzanp dokiman ki fèt pou sansibilizasyon piblik la, oswa pou yon gran piblik kapab gen ladan, men pa limite ak sa ki annapre la yo:

- Bwochi;
- Fich Enfòmasyon;
- Dokiman ki gen Kesyon ak Repons;
- Kominike Laprès;
- Rapò Anviwònmanal;
- Avi sou Risk/Preyokipasyon Anviwònmanal;
- Akò Règleman (nan kèk ka espesifik kote yon kominote LEP enplike oswa kapab afekte);
- Desizyon Final Ajans lan (nan ka espesifik kote yon kominote ki gen LEP enplike oswa kapab afekte);
- Enfòmasyon ki lye ak katastwòf natirèl ak efò pou entèvansyon dijans; ak,
- Lòt Dokiman Esansyèl yo.

2. Pou dokiman “esansyèl” ki pibliye nan Rejis Federal la<sup>26</sup>, biwo pwogram ak biwo rejyonal la ta dwe detèmine si pou enkli dokiman an sou paj entènèt EPA ki apwopriye a nan lang ki plis pale nan peyi a oswa nan lòt lang, jan sa nesèsè, selon enfòmasyon rejyonal yo oswa sijè ki sible kominote ak piblik espesifik yo nan lang ki apwopriye ki diferan ak Anglè oswa bay

---

<sup>25</sup> Kounye a, EPA gen yon [sit entènèt LEP](#) ki bay enfòmasyon esansyèl pou moun ki gen LEP yo nan lang ki swiv yo: Arab, Chinwa, Kreyòl Ayisyen, Koreyen, Pòtigè, Ris, Espanyòl, Tagalòg, ak Vyetnamiyen.

<sup>26</sup> Kote yo pibliye yon “vèsyon” tradwi nan yon Avi FR sou entènèt la, biwo pwogram nan oswa biwo rejyonal la pral enkli avi non divilgasyon ki swiv la ansanm ak avi tradwi ki pibliye a, nan tout lang ki apwopriye yo: *Byenke nou te pran mezi pou asire ke vèsyon tradiksyon avi Rejis Federal ki sou entènèt la presi, yo pa ta dwe konsidere l kòm avi ofisyèl la. Avi ofisyèl la disponib sou sit entènèt govinfo Biwo Enprimri Gouvènman an (<https://www.govinfo.gov/app/collection/fr>) ak sou Regulations.gov (<https://www.regulations.gov>) {nan Nimewo Dosye. [insert docket]}.*

omwen yon “avi” nan lang ki apwopriye ki endike ke gen asistans lang ki disponib pou yo (gade deklarasyon Avi pou Moun ki gen Metriz Limite nan Anglè” a nan seksyon “Notifikasyon nan” dokiman sa a). Biwo pwogram ak biwo rejyonal yo ta dwe fè konsiltasyon ak LEP NPC a lè y ap detèmine sèvis lang ki apwopriye yo.

3. Pou dokiman “esansyèl” ki aksepte kòmantè piblik la men ki pa pibliye nan Rejis Federal la (tankou, dokiman oryantasyon ki enpòtan yo, plan estratejik, avi sou enplikasyon piblik la, elatriye) biwo pwogram ak biwo rejyonal yo pral mete dokiman an sou sit entènèt EPA a. Yo pral bay dokiman an nan lang ki plis pale nan peyi a oswa nan lòt lang, jan sa nesèsè, selon enfòmasyon demografik rejyonal yo oswa sijè ki sible kominote ak piblik espesifik yo nan lang ki apwopriye ki pa Anglè yo oswa, omwen, yon rezime dokiman an nan lang ki apwopriye a ak yon “avi” nan lang ki apwopriye yo ki endike ke gen asistans lang ki disponib (gade deklarasyon Avi pou Moun ki gen Metriz Limite nan Anglè” yo nan seksyon “Notifikasyon” nan dokiman sa a). Biwo pwogram ak biwo rejyonal yo ta dwe fè konsiltasyon ak LEP NPC a lè y ap detèmine sèvis lang ki apwopriye yo.
4. Biwo pwogram ak biwo rejyonal yo pral detèmine si yon tradiksyon konplè nesèsè, oswa si tradiksyon enfòmasyon esansyèl ki nan dokiman an bay yon avi ki apwopriye sou enfòmasyon ki nan dokiman an. Nan kèk ka, li kapab apwopriye pou devlope fich enfòmasyon ki rezime enfòmasyon esansyèl yo, ke yo ka tradwi nan lang ki apwopriye yo. Nan kèk sikonstans, yo ka pa bezwen tradwi tout enfòmasyon ki nan dokiman yo. Omwen, biwo a pral bezwen bay yon entèpretasyon oral ki presi pa yon entèprèt ki kalifye sou enfòmasyon ki enpòtan yo nan vèsyon Anglè a jiskaske yo ka bay yon tradiksyon alekri.
5. Pou moun ke lang yo mwens pale yo, oswa pou moun ki gen LEP men ki pa gen yon metriz nan pwòp lang yo, biwo pwogram nan ak biwo rejyonal la pral enfòme moun ki gen LEP yo nan yon lang yo konprann, epi aloral, jan sa apwopriye a, ke yo kapab jwenn ak fason yo kapab jwenn asistans pou jwenn aksè ak dokiman ak enfòmasyon “esansyèl” yo.
6. Biwo pwogram EPA ak biwo rejyonal yo ta dwe fè tout efò pou pibliye materyèl ki tradwi yo sou paj entènèt yo a. OEJECR pral travay ak OPA pou asire ke yo pibliye materyèl ki tradwi ki gen enpòtans ak enterè nasyonal yo sou sit entènèt EPA a nan paj “lòt lang” yo.

### **C. Pwosesis Revizyon Pwodwi EPA a**

Biwo pwogram EPA ak biwo rejyonal yo pral detèmine sou yon baz kontini si gen nouvo dokiman ki dwe tradwi epi ki dwe vin aksesib pou moun ki gen LEP yo. Anplis, EPA pral konsidere si gen lòt dokiman esansyèl ki te deja la ki ta dwe tradwi nan lang ki plis pale yo ki diferan ak Anglè. Biwo pwogram EPA ak biwo rejyonal yo pral fè konsiltasyon ak DCRC ak/oswa RPROO respektif yo, jan sa apwopriye, kowòdonatè evalyasyon pwodwi ak redaktè wèb yo lè y ap evalye dokiman ak materyèl sansiblizasyon ki dwe tradwi epi ki dwe vin aksesib pou moun ki gen LEP yo. Anplis, chak dokiman yo mande pou tradwi epi ki pral distribye oswa pibliye anpil sou sit entènèt

EPA a dwe revize epi apwouve pa responsab evalyasyon pwodwi oswa redaktè an chèf biwo pwogram oswa biwo rejyonal la.<sup>27</sup>

#### **D. Notifikasyon sou Disponibilite Sèvis Asistans Lang**

EPA pral mete avi ki anba a nan chak lang ki plis pale nan peyi a pou sa ki annapre yo:

1. Sit entèprèt prensipal EPA a ak chak paj entènèt biwo pwogram nan ak biwo rejyonal la;
2. Avèk vèsyon Anglè dokiman “esansyèl” biwo pwogram oswa biwo rejyonal yo ki la pou sansiblizasyon piblik la oswa pou sansiblizasyon yon gran piblik (tankou, bwochi, fich enfòmasyon).
3. Tout envitasyon nan rankont piblik, evènman, sèvis, demann pou kòmantè, elatriye, ki gen ladan avi enfòmasyon yo voye pa mwayen lis difizyon yo (tankou Lis Difizyon EJ EPA a).

#### *EGZANP YO:*

Si ou pa ka pale, li, ekri, oswa konprann Anglè, tanpri voye yon imèl bay [xxxx@epa.gov](mailto:xxxx@epa.gov) pou mande sèvis entèpretasyon oswa sèvis tradiksyon gratis.

Si ou se yon moun ki gen andikap epi ou bezwen aranjman rezonab ak/oswa asistans ak sèvis anplis, tanpri voye yon imèl bay [zzzz@epa.gov](mailto:zzzz@epa.gov) pou mande sèvis gratis.

Chak biwo pwogram ak biwo rejyonal kapab gen ladan tou enfòmasyon pou kontak lokal, tankou enfòmasyon sou nimewo telefòn, adrès lapòs, ak adrès imèl nan deklarasyon ki anwo a, jan sa apwopriye. Yo pral tradwi lòt enfòmasyon anplis yo tou nan 10 lang ki plis pale nan peyi a.

#### **E. Fòmasyon pou Manm Pèsonèl la**

LEP NPC OEJECR a, an kowòdinasyon ak Biwo Zafè Piblik la (OPA) pral pran responsablite pou devlope ak pou bay fòmasyon nasyonal pou manm pèsonèl EPA a konsènan konpozan prensipal Dekrè LEP EPA a, politik, pwotokòl, ak sèvis kontraktiyèl LEP yo. Yo pral bay fòmasyon sa a atravè ansèyman an pèsòn nan “klas” Microsoft Teams, Zoom.gov, fòmasyon anliy, oswa lòt zouti sou entènèt yo, jan sa apwopriye. Anplis, OEJECR pral disponib pou ede pwogram nan ak RPROO rejyonal yo nan bay fòmasyon sou pwogram espesifik yo oswa sou plan LEP biwo rejyonal yo.<sup>28</sup> Yo pral prevwa fòmasyon kontini avèk itilizasyon yon modèl “fòm fòm matè a”. Metòd sa a pral ede asire ke

<sup>27</sup>Pwosesis Evalyasyon Pwodwi EPA a te finalize pa Biwo Zafè Piblik la nan dat 25 Mas 2016.

<sup>28</sup>EPA planifye pou fè fòmasyon pou LEPR yo nan premye trimès nan Ane Fiskal 2024 la epi li planifye pou bay yon fòmasyon pou tout EPA nan dezyèm trimès nan ane 2024 la. LEPR yo pral bay fòmasyon sou aksè nan lang nan pwogram respektif yo nan twazyèm trimès nan Ane Fiskal 2024 la. Anplis, EPA pral bay fòmasyon sou aksè nan lang chak ane, oswa sou demann. EPA pral pibliye fòmasyon sou aksè nan lang yo nan resous entranèt LEP a pou referans.



RPROO biwo rejoyonal ak biwo pwogram nan ak LEPR yo a kapab ede nan fòmasyon chak biwo pwogram oswa biwo rejoyonal yo epi pou EPA a mentni yon mendèv ki byen fòme pou asire bon jan aksè nan lang. OEJECR pral kontinye devlope ak aktyalize oryantasyon yo, pwosedi operasyon estanda yo, ak lòt materyèl ki lye ak LEP esansyèl yo, jan sa apwopriye, ki pral aksesib pou tout anplwaye EPA yo epi pral disponib sou paj entranèt LEP OEJECR a.<sup>29</sup> Epiou EPA pral itilize platfòm rezo sosyal li yo pou bay enfòmasyon esansyèl ak pou ogmante mesaj pou popilasyon ki gen LEP yo.

#### **F. Kontakte LEP NPC EPA a:**

Tanpri voye yon imèl bay [LanguageInterpretationTranslationRequest@epa.gov](mailto:LanguageInterpretationTranslationRequest@epa.gov) pou fè kòmantè, pou jwenn plis enfòmasyon sou pwogram LEP EPA yo, oswa si ou gen kesyon sou sèvis asistans lang yo.

---

<sup>29</sup> Gade <https://work.epa.gov/oejecr/limited-english-proficiency>.